



Pou Piblikasyon Imedya: 10/09/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**DEKLARASYON GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO FÈ POU MANDE KONGRÈ A
POU YO ASIRE FINANSMAN KONPLÈ POU FON DEDOMAJMAN
POU VIKTIM 11/9 LAN YO**

“Nouyòkè yo te toujou mete tèt ansanm pou sipòte viktim atak 11 Septanm lan yo, epi nou pap janm kite yo bliye yo.

Jan [rapò resan yo](#) endike a, nou te wè yon ogmantasyon nan kantite moun k ap aplike pou Fon Dedomajman pou Viktim 11/9 lan yo (9/11 Victims Compensation Fund). Fon an, ki te orijinalman dedomaje yo pou blesi ak lanmò atak teworis 11 Septanm 2001 an te lakoz yo, te reyouvri an 2011 pou dedomaje premye sekouris ak moun ki te viv eksperyans pwoblèm sante ki gen rapò ak 11/9 lan annapre yo. Jiskaprezan, yo te akòde prestatè ki elijib pou dedomajman yo prèske 4.3 milya dola.

Kèk moun ap sijere pou nou redwi montan dedomajman pou pwochen gwoup aplikan yo akoz rediksyon finansman an. Sa se vrèman yon move apwòch. Yo tout se menm jan de ewo yo ye pou nasyon an, epi yo tout dwe resevwa fon konplè a de fason egal.

Byenke gen anpil finansman ki toujou disponib, li enpòtan anpil pou yo toujou kontinye mete finansman konplè disponib pou tout moun ki bezwen yo nan ane k ap vini yo epi mwen mande pou Kongrè a renouvle ak agrandi pwogram lan. Nan New York, nou ap toujou kanpe ak viktim atak yo, epi mwen pral travay ak delegasyon New York la pou yo mennen efò pou asire ke tout moun resevwa dedomajman jis, apwopriye yo merite a”.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)